# УЛЫЎМА БИЛИМ БЕРИЎ МЕКТЕПЛЕРИНДЕ ИБРАЙЫМ ЮСУПОВТЫҢ ПОЭМАЛАРЫН ОҚЫТЫЎ УСЫЛЛАРЫ («Бүлбил уясы» поэмасы мысалында)

**Дарменов Аллаяр,**
*Әжинияз атындағы НМПИ таяныш-докторанты*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903390

***Аннотация:*** *Мақалада Халық шайыры Ибрайым Юсуповтың «Бүлбил уясы» поэмасын оқытыў усыллары туўралы сөз етиледи.*

***Аннотация:*** *В статье обсуждаются методы преподавания поэмы народного поэта Ибрагима Юсупова "Гнездо соловья."*

***Annotation:*** *The article discusses the methods of teaching the poem "Nightingale's nest" by the People's Poet Ibrahim Yusupov.*

***Tayanısh sózler:*** *Ibrayım Yusupov, poema, metodika, búlbil, shınjır.*

***Ключевые слова****: Ибрагим Юсупов, поэма, методика, соловей, цепь.*

***Keywords:*** *Ibrahim Yusupov, poem, methodology, nightingale, chain.*

Улыўма билим бериў мектепериниң 8-класы ушын шығарылған «Әдебият» сабақлығында [К. Палымбетов ҳәм т.б. 2025: 188] Халық шайыры Ибрайым Юсуповтың «Бүлбил уясы» поэмасы ҳәм «Тасқа көгерген гүл» қосығы берилген. «Бүлбил уясы» поэмасын шайырдың лиро-эпикалық шығармаларының шыңы деп қараўға болады. Өйткени, онда шайыр бир ўақыттың өзинде бирнеше лирикалық қаҳарманның тилинен сөйлейди ҳәм шығарманың сюжетлик қурылысын толықтырып отырады. Және де ондағы толып атырған көркем метафоралар, пейзажлық сүўретлеўлер де оқыўшыны поэманы бир демде оқып таслаўға ийтермелейди.

Поэма жәми 14 бөлимнен турады. Сабақлыққа поэманың 1, 2, 5, 7, 9,

10-бөлимлери үзинди етип берилген. Онда да бул бөлимлердеги айырым шуўмақлар (поэманың тутас мазмунына кесент етпеген ҳалда) түсирилип қалдырылған. Шығарма екинши жер жүзилик урыс жылларындағы қыйын-қыстаў турмысты қарақалпақ аўылы, ондағы муғаллим жигит ҳәм оның шаңарағы мысалында сүўретлеп береди.

Оқыўшылар буған шекем 6-класс «Әдебият» сабақлығында шайырдың «Дала әрманлары» поэмасы менен танысқан еди. Улыўма, поэма түсиниги, әсиресе, И. Юсуповтың поэмашылығы туўралы мағлыўматқа ийе болыў да «Бүлбил уясын» оқытыўда азы-кем жеңиллик береди. Сонда да оқытыўшы поэманың «уллы ўақыялар, жоқары характерлер, адам баласының үлкен үмитлери жырланатуғын» [Ә. Пахратдинов. 2004: 179] шығарма екенин тағы бир ескериўи тийис. «Поэма — лиро-эпикалық жанрға тийисли болып, анық

лирикалық кеширмениң билдирилиўи менен белгили бир турмыслық ўақыяны өз ишине алыўшы эпикалық сүўретлеўден туратуғынлығы; поэма ушын ўақыялардың белгили бир “дизбеги” талап етилиўи, характер ўақыялар ағымында жаңа-жаңа қырлары менен көзге тасланыўы; эпикалық сүўретлеўге лирикалық билдириўдиң жантасып келиўи; ўақыялар ҳәм лирикалық қаҳарманға карата шайыр мүнәсибети сөзлер, қышқырық яки көтериңки лирикалық ҳаўазларда билдирилиўи [С. Иззат ҳәм т.б. 1979: 272] мүмкин. Шайырдың бул көлемли поэмасын окыўшылар илажы болғанша китапта көрсетилген QR код арқалы яки бар болса шайырдың жеке топламларынан толықлай оқып шыққаны макул. Деген менен, берилген үзинди менен де шығарма туўралы дәслепки түсиниклер алыўға болады. Поэмада ҳешбир адам аты аталмайды. Тек Мускат атлы ийттиң лақабы ғана бериледи. Табельшик бала ҳәм оның ержеткендеги шайыр образы, суў периге исенгиш анасы, “бүлбил” муғаллим, оның жас келиншеги, анасы, шығарма соңындағы муғаллимниң ержеткен қызы — булар унамлы образ етип берилсе, бригад образы унамсыз образ есапланады. Параллел сюжет есапланған бүлбил ҳәм оның уясы дөгерегиндеги ўақыяларда да жылан жаманлық тымсалы ретинде бериледи.

Оқыўшылар поэманы бир тутас аңлап алыўы ушын дәслеп “Шынжыр» методын қолланыўға болады. Бул методда оқыўшылар 3 топарға бөлинеди. Топарларға арнаўлы карточкалар тарқатылады. Оларға шығарманың ҳәр бөлиминен алынған үзинди шуўмақлар жазылған болады. Оқыўшылар өзлерине берилген карточкалардағы шуўмақлар поэманың қайсы бөлиминен алынғанын таўып, оны аўызеки түсиндирип бериўи, сол шуўмаққа байланыслы ўақыяларды, қаҳарманның ишки ой гүйзелислерин жеткерип айтып бериўи тийис. Бунда оқытыўшы тәрепинен поэманың ең маңызлы шуўмақлары сайланып алыныўы, олар оқыўшы ушын гилт сөз ўазыйпасын атқарыўы керек. Бул тутас шуўмақлар жыйналып бир мазмунды аңлатқанда, өз-өзинен “шынжыр” пайда болады. Яғный, оқыўшылар үзиндилер арқалы шығарма мазмунын өзлери курастырып шығады.




Және де Әдебият пәни оқытыўшысы өз пәниниң еле де қызықлы болыўын қәлесе, оны әлбетте басқа пәнлер менен интеграция қылыўы лазым. “Бүлбил уясы” поэмасын да музыка, география, тарийх сыяқлы бирнеше пәнлер менен байланыстырыўға болады. Баста айтып өткенимиздей, поэмада пейзажлық суўретлеўлер жүдә басым келеди. Сонлықтан, оларды Сүўрет пәни менен де интеграциялаўға болады. Оқыўшыларға поэма мазмунынан келип шығып сүўретлер сыздырыў мүмкин. “Сөзсиз сүўрет” методы арқалы шығарманың қәлеген бир эпизоды оқытыўшы яки оқыўшының қәлеўи менен сайлап алынады. Бунда оқыўшы :профессионал дәрежеде художник емеспен, жақсы сыза алмайман” деп қысыныўы мүмкин. Бунда оқытыўшы оқыўшыдан өз шамасының жеткенинше белгили бир композицияны сызып жеткере алыўын ғана сораў орынлы.

Улыўма алғанда, поэмаларды мектеп оқыўшыларына оқытыў оғада қурамалы процесс. Сабақлықларда дерлик барлық жағдайда олардан үзинди бериў менен шекленеди. И. Юсуповтың “Бүлбил уясы” поэмасынан берилген үзиндини де оқытыўшы қызықлы етип өте алса, оқыўшылар әлбетте оны толық оқып шығыўға да тырысады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. К. Палымбетов ҳәм т.б «Ádebiyat» Ташкент, Ғафур Ғулам атындағы баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи. Ташкент, 2025
2. Ә. Пахратдинов. Қарақлпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим» 2004
3. С. Иззат ҳәм т.б. Адабиёт назарияси. 2-том. Адабий-тарихий жараён. Өз ИА "Фан". - Т.:1979. – Б. 272.